

Community Service Society (Sosyete Sèvis Kominotè)

Avi Pratik sou Vi Prive HIPAA

Avi sila a dekri kijan yo ka itilize epi divilge enfòmasyon sante sou ou epi kijan w ka genyen aksè a enfòmasyon sa a. Tanpri revwa li ak atansyon.

Community Service Society (CSS) se yon òganizasyon ki pa travay pou pwofi ki jere plizyè Inisyativ Sante pou ede kliyan jwenn epi itilize asirans sante. W ap resevwa avi sila a poutèt w ap resevwa asistans nan men youn nan Inisyativ Sante sila yo nan CSS:

- **Community Health Access to Addiction and Mental Healthcare Project (CHAMP)**
[Pwogram Kominote Sante pou moun ki gen dejwe nan alkòl ak dwòg ak Pwojè Sante mantal] -
Pwogram sa ede moun ak fanmi ki bezwen sèvis pou rezoud pwoblèm dwòg ak sante mantal.
- **Community Health Advocates (CHA) [Defansè Sante Kominotè]** – yon pwogram asistans gratis pou kliyan atravè tout eta a pou ede rezidan New York yo jwenn, kenbe, epi itilize asirans sante yo epi jwenn aksè a sèvis swen sante ki bon mache.
- **CSS Navigator Network (CNN) [Navigatè Rezo CSS]** – yon rezo "navigatè" nan tout eta a pou ede rezidan New York epi ti biznis chèche epi enskri nan pwoteksyon sante atravè NY State of Health: Mache Ofisyèl pou Plan Sante a.
- **Facilitated Enrollment for the Aged, Blind and Disabled (FE-ABD) [Enskripsiyon Fasilite pou Moun Aje, Avèg ak Andikape]** – yon pwogram asistans pou aplikasyon asirans sante piblik ke Leta New York finanse pou moun ki aje, avèg oswa andikape.
- **Independent Consumer Advocacy Network (ICAN) [Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè]** –
Pwogram medyatè New York la pou moun ki nan plan swen kontwole Medicaid yo ki bezwen swen alontèm oswa sèvis swen sante konpòtmantal, ikonpri MLTC, FIDA, ak HARP.

Si w genyen nenpòt kesyon sou avi sila a, tanpri kontakte Diane Spicer, Ajan Pwoteksyon ki Responsab Kondidansyalite Vi Prive.

Dwa w Yo

Ou genyen dwa pou w:

- Enspekte epi resevwa kopi enfòmasyon sante w ak dosye enskripsiyon w yo
- Korije enfòmasyon sante w ak dosye enskripsiyon w yo
- Fè demann pou komunikasyon konfidansyèl
- Mande nou limite enfòmasyon nou pataje
- Resevwa yon lis ki di ki moun nou bay enfòmasyon w
- Resevwa yon kopi avi sou vi prive sa a
- Chwazi yon moun ki pou aji pou ou

- Soumèt yon plent si w panse yo vyole dwa sou vi prive w yo

Chwa w Yo

Ou genyen sèten chwa nan fason ke nou itilize epi pataje enfòmasyon lè nou:

- Reponn kesyon sou pwoteksyon fanmi ak zanmi w yo
- Founi èd nan ka dezas
- Vann sèvis nou yo

Itilizasyon ak Divilgasyon nou yo

Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon w lè nou:

- Ede w jere tretman swen sante ke w resevwa a
- Jere òganizasyon nou an
- Fè administrasyon plan sante w la
- Ede ak pwoblèm sante piblik ak sekirite
- Kolekte done
- Konfòme ak lalwa
- Divilge enfòmasyon legalman bay asosye komèsyal HIPAA yo
- Adrese demann pou aplikasyon lalwa ak lòt ajans gouvènman an
- Reponn a litij ak aksyon legal

Dwa w Yo

Parapò ak enfòmasyon sou sante w, ou genyen sèten dwa. Enfòmasyon sante vle di nenpòt enfòmasyon ke nou genyen nan dosye w ke ou founi nou, pwofesyonèl swen w, ak/oswa plan swen w nan. Seksyon sa a eksplike dwa w yo ak kèk nan responsabilite nou yo pou nou ede w.

Enspekte epi resevwa kopi enfòmasyon sante w ak dosye enskripsyon w yo

- Ou kapab mande pou w wè oswa resevwa kopi enfòmasyon sante w ak dosye enskripsyon w yo Mande nou kijan pou w fè sa.
- N ap ba w kopi oswa rezime sou enfòmasyon sante w ak dosye enskripsyon w yo, dabitid sou 30 jou apatide lè ou fè demann nan. Nou ka faktire w yon frè rezonab ki baze sou depans.

Mande nou korije dosye sante ak reklamasyon yo

- Ou ka mande nou korije enfòmasyon sou sante w ak dosye enskripsyon w yo si ou panse ke yo genyen erè oubyen yo enkonplè. Mande nou kijan pou w fè sa.
- Nou ka di "non" pou demann ou a, sepandan n ap di w poukisa alekri sou 60 jou.

Fè demann pou komunikasyon konfidansyèl yo

- Ou ka mande nou kontakte w yon fason espesyal (paregzanz, telefòn residansyèl oswa nan travay) oswa voye korespondans nan yon diferan adrès.
- Nou pral konsidere tout demann rezonab, epi fòk nou di "wi" si ou di nou ou t ap an danje si nou pa fè sa.

Mande nou pou n limite sa nou di oswa pataje

- Ou ka mande nou pa itilize oswa pataje sèten enfòmasyon sante pou tretman, peman, oswa operasyon nou yo. Nou pral konsidere demann nan, sepandan nou pa oblige dakò ak li.

Resevwa yon lis ki di w ki moun nou bay enfòmasyon w

- Ou kapab mande pou yon lis (dekont) konbyen fwa nou pataje enfòmasyon sante w pandan sisan presedan yo jouk dat ou mande l la, ki moun nou bay li, epi poukisa.
- Nou pral enkli tout deklarasyon yo aleksepsyon sa ki gen rapò ak tretman, peman, epi operasyon swen sante, ak seten lòt deklarasyon (tankou nenpòt sa w te mande nou fè). Nou pral ba w yon dekont gratis pa ane men nou pral faktire yon frè rezonab ki baze sou depans si w mande pou yon lòt anvan 12 mwa.

Resevwa yon kopi avi sou vi prive sa a

Ou kapab mande pou yon kopi anpapye avi sila a nenpòt lè, menmsi ou dakò pou w resevwa avi a elektwonikman. Nou pral founi w yon kopi anpapye tousuit.

Chwazi yon moun ki pou aji pou ou

- Si w bay yon moun manda medikal oubyen si yon moun se responsab legal ou, moun sa a kapab egzèse dwa w yo epi pran desizyon sou enfòmasyon sante w.
- Nou pral fè ansòt ke moun nan genyen otorite epi ke l kapab aji pou ou anvan nou pran okenn aksyon.

Soumèt yon plent si w panse yo vyole dwa w yo

- Ou kapab pote plent si w santi ke nou vyole dwa w yo lè w rantre an kontak ak nou.
- Ou kapab soumèt yon plent nan biwo nou an lè w kontakte Diane Spicer, Ajan CHA ki Responsab Pwoteksyon Konfidansyalite Vi Prive, lè w rele (212) 614-5342 oubyen ekri yon lèt pou CHA Privacy Officer nan 633 3rd Avenue, 10th Floor, New York, NY, 10017. Ou kapab avize Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services) lè w rele 1-877-696-6775, oubyen ale nan www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints.
- Nou p ap aji kont ou poutèt ou soumèt yon plent.

Chwa w Yo

Pou sèten enfòmasyon sante, ou kapab avize nou sou chwa w yo parapò a sa nou ka pataje. Si ou genyen yon preferans klè sou kijan pou nou pataje enfòmasyon w nan sitiyasyon ki dekri pi ba yo, pale yo avèk nou. Avize nou sou sa w vle nou fè, epi nou pral suiv direktiv ou yo.

Nan ka sa yo, ou genyen dwa ak chwa pou w avize nou pou n:

- Pataje enfòmasyon ak fanmi w, zanmi pwòch, oswa lòt moun ki gen pou wè ak peman pou swen w.
- Pataje enfòmasyon nan yon sitiyasyon èd nan ka dezas.

Si w pa kapab avize nou sou preferans ou, nou ka pataje enfòmasyon w si nou panse li nan enterè w.

Nan ka sila yo nou pa *janm* pataje enfòmasyon w amwens ke w bannou pèmisyon w alekri:

- Objektif komèsyalizasyon

Itilizasyon ak Divilgasyon nou yo

Kijan nou itilize oswa pataje enfòmasyon sante w dabitud?

Dabitid nou itilize oswa pataje enfòmasyon sante w nan fason suivan yo.

Ede jere tretman swen sante oswa sèvis ki gen rapò ak tretman ke w resevwa a

Nou kapab itilize enfòmasyon sante w epi pataje li ak pwofesyonèl k ap trete w yo.

Paregzanp: Nou ka divilge enfòmasyon sante w bay doktè oswa lòt pèsònèl, ikonpri moun andeyò biwo nou an, ki patisipe nan swen medikal ou epi ki bezwen enfòmasyon an pou ba w swen medikal.

Jere òganizasyon nou an epi fè administrasyon plan sante w la

Nou kapab divilge enfòmasyon sante w pou nou jere òganizasyon nou an epi kontakte w lè sa nesesè. Nou ka divilge enfòmasyon sante w tou bay konpayi k ap finanse plan sante w la pou l fè administrasyon plan an.

Itilizasyon sa yo nesesè pou asire ke tout kliyan nou yo resevwa sèvis kalite epi pou opere epi jere biwo nou an.

Paregzanp: Nou ka pataje enfòmasyon ak lòt antite ki genyen yon relasyon avèk ou (paregzanp, plan sante w) pou aktivite operasyon swen sante yo.

Peye pou sèvis sante w yo

Nou kapab itilize epi divilge enfòmasyon sante w pouke lòt moun kapab faktire epi resevwa peman nan men w, yon konpayi asirans oswa yon tyès pati pou tretman ak sèvis ou resevwa.

Paregzanp: Nou pral ede w enskri nan yon plan sante ki ka faktire w pou prim mansyèl ke w dwe yo.

Ki lòt fason nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sante w?

Nou gen dwa oswa oblige pataje enfòmasyon w lòt fason - dabitud fason ki kontribye a byennèt publik la, tankou sante publik ak koleksyon done. Nou genyen pou nou reponn a plizyè kondisyon lalwa anvan nou kapab pataje enfòmasyon w pou rezon sila yo. Pou plis enfòmasyon al gade:

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/index.html.

Ede ak pwoblèm sante publik ak sekirite

Nou kapab pataje enfòmasyon sante sou ou pou sèten sitiyasyon tankou:

- Prevansyon maladi
- Èd ak pwodui yo retire sou mache a
- Rapò sou reyakson negatif a medikaman
- Rapò sou soupson abi, neglijans, oswa vyalans domestik
- Prevansyon oswa rediksyon yon menas grav kont sante oswa sekirite nenpòt moun

Kolekte done

Nou kapab itilize oswa pataje enfòmasyon w pou koleksyon done medikal

Konfòme ak lalwa

Nou pral pataje enfòmasyon sou ou si lwa leta oswa federal yo egzije sa, ikonpri Depatman Sante ak Sèvis Sosyal si yo vle wè ke nou konfòme ak lwa federal sou vi prive.

Divilge enfòmasyon legalman bay Asosye Komèsyal HIPAA yo

Nou ka pataje enfòmasyon sou ou ak asosye komèsyal ki founi sèvis enskripsyon ak/oswa defans. Ak konsantman w aloral oswa alekri, nou ka founi enfòmasyon kontak ou bay yon asosye komèsyal pou rezon sila yo.

Adrese demann pou aplikasyon lalwa ak lòt ajans gouvènman an

Nou ka pataje enfòmasyon sou ou:

- Pou rezon ki gen rapò ak aplikasyon lalwa oswa ak yon responsab aplikasyon lalwa
- Ak ajans siveyans sante pou aktivite lalwa otorize
- Pou fonksyon gouvènman espesyal tankou militè, sekirite nasyonal, ak sèvis pwoteksyon prezidansyèl

Reponn a litij ak aksyon legal

Nou kapab pataje enfòmasyon sou ou pou reponn a yon lòd tribunal oswa administratif, oswa pou reponn a yon sitasyon a konparèt.

Responsablite Nou

- Dapre lalwa nou responsab pou nou kenbe konfidansyalite vi prive ak sekirite enfòmasyon sou sante w ki pwoteje.
- N ap avize w tousuit si genyen yon vyolasyon ki ka konpwomèt konfidansyalite vi prive oswa sekirite enfòmasyon w.
- Se pou nou suiv fonkson ak pratik sou konfidansyalite vi prive ki dekri nan avi sila a epi ba w yon kopi li.
- Nou p ap itilize ni pataje enfòmasyon w okenn lòt jan ke jan li dekri la a amwens ke w avize nou alekri ke nou kapab. Si w avize nou ke nou kapab, ou kapab chanje lide w nenpòt lè. Avize nou alekri si w chanje lide w.

Pou plis enfòmasyon al gade: www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html.

Chanjman nan Kondisyon Avi sila a

Nou ka chanje kondisyon avi sila a, epi chanjman yo ap aplikab pou tout enfòmasyon nou genyen sou ou. Nouvo avi a ap disponib sou demann, sou sitwèb nou an, epi nou pral voye yon kopi pou ou pa lapòs.

Lòt Enstriksyon pou Avi

- Avi sila a pral efektif 23 septanm 2013.
- Ajan CHA ki Responsab Pwoteksyon Konfidansyalite Vi Prive CHA a (CHA Privacy Officer) se Diane Spicer, ke w ka kontakte nan dspicer@cssny.org, oswa (212) 614-5342.
- CHA ak CNN kenbe dosye sèlman ki gen rapò ak enfòmasyon sante oswa enskripsyon.
- Nou p ap janm pataje okenn dosye sou tretman pou abi dwòg oswa enfòmasyon ki gen rapò ak VIH san pèmisyón w alekri.